ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ ҚАРОРИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ ҚАРАРЫ

Нукус шаҳри | Нөкис қаласы

№ 41 «29» январь 2019 ж.й

# Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесин қайта дүзиў ҳаққында

Мәмлекетимизде алып барылып атырған кең көлемли реформалар тийкарында барлық тараў ҳәм салаларда, сондай-ақ агрокомплексында модернизациялаў, комитет, министрлик, ведомство, бирлеспе ҳәм кәрханаларда жаңаша заманагөй басқарыў системалары eңгизилип, олардың атамаларына өзгерис киритилгенлигине ҳәмде Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамының 19-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесиниң ҳәмде өндирислик ҳәм илимий исши топарлары қурамларын жаңалаў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесиниң жаңаланған қурамы 1-қосымшаға, өндирислик ҳәм илимий исши топарлары қурамы 2 ҳәм 3-қосымшаларға муўапық;

Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңеси ҳаққындағы жаңаланған реже 4-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлар ҳәкимлерине бир ай мүддет ишинде усы қарар талаплары тийкарында белгиленген тәртипте районлық Суў хожалығы Кеңеслерин қайта дүзиў ҳәмде олардың қурамын ҳәм режелерин тастыйықлаў ўазыйпалары жүкленсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 6-ноябрьдеги «Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесин қайта дүзиў ҳаққында»ғы 742-санлы (3-бәнти буған кирмейди) қарары өз күшин жойтқан деп есаплансын.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалаўды өз жуўапкершилигимде қалдыраман.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы — К.Сариев

UMUMIY BO'LIM
ULUMA BO'LIM

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «29» январьдағы
41-санлы қарарына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесиниң жаңаланған**
**ҚУРАМЫ**

| | | |
|---|---|---|
| К.Сариев | - | Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы - **Кеңес баслығы** |
| С.Хожаметов | - | Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары - **Кеңес баслығының орынбасары** |
| А.Уразимбетов | - | Министрлер Кеңесиниң Аўыл ҳәм суў хожалығы мәселелери бойынша секретариаты бас қәнигеси – **Кеңес хаткери** |

**АҒЗАЛАРЫ:**

| | | |
|---|---|---|
| З.Зиядуллаев | - | Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Комитет баслығы (келисими менен) |
| Ж.Узаков | - | Суў хожалығы министри |
| И.Юнусов | - | Аўыл хожалығы министри ў.ў.а. |
| М.Матжанов | - | Агросанаат комплекси ҳәм азық-аўқат қәўипсизлиги тәмийинлениўи үстинен қадағалаў инспекциясы баслығы |
| С.Қурбанбаев | - | Ирригация ҳәм суў машқалалары илимий-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалы директоры |
| С.Шамшетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Аўыл хожалығы ҳәм азық-аўқат тәмийнаты илимий-өндирислик орайының Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| Н.Айымбетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Қарақалпақ Тәбият илимлери илимий-изертлеў институты директоры |
| А.Мамбеткаримов | - | Халық-аралық Аралды қутқарыў қоры атқарыў комитетиниң Нөкис филиалы директоры |
| М.Авазмуратов | - | «Әмиўдәрья» бассейни суў хожалығы бирлеспесиниң Төменги дәрья басқармасы баслығы |
| Т.Хожаназаров | - | Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети баслығы |
| У.Утамбетов | - | Тоғай хожалығы комитети баслығы |
| Е.Кошеков | - | «Қарақалпақ суў қурылыс инвест» мәмлекетлик унитар кәрханасы директоры |
| И.Асаматдинов | - | «Давсувхўжаликназорат» мәмлекетлик инспекциясының Қарақалпақстан Республикасы бойынша инспекторы |
| А.Салихов | - | Мелиоративлик экспедициясы баслығы |
| А.Қдырниязов | - | Гидрометеорология басқармасы баслығы |
| Ш.Алимов | - | Аралбойы гидрогеология экспедицияси мәмлекетлик кәрханасы директоры |

Еслетпе: Комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда сол лаўазымға жаңадан тайынланған шахс комиссия қурамына киргизиледи.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «29» январьдағы
41 - санлы қарарына 2-қосымша

## Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесиниң өндирислик исши топары жаңаланған

### Қ У Р А М Ы

| | | |
|---|---|---|
| Ж.Узаков | - | Суў хожалығы министри – **исши топар баслығы** |
| Д.Толыбаев | - | Суў хожалығы министриниң биринши орынбасары - **исши топар баслығының орынбасары** |
| А.Мамбеткаримов | - | Ҳалық-аралық Аралды қутқарыў қоры атқарыў комитетиниң Нөкис филиалы директоры - **исши топар баслығының орынбасары** |

### А Ғ З А Л А Р Ы:

| | | |
|---|---|---|
| М.Джуманиязов | - | Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети баслығының биринши орынбасары |
| Т.Нурмаганбетов | - | «Әмиўдәрья» бассейни суў хожалығы бирлеспесиниң Төменги дәрья басқармасы бас инженери |
| А.Салихов | - | Мелиоративлик экспедициясы баслығы |
| Е.Кошеков | - | «Қарақалпақ суў қурылыс инвест» мәмлекетлик унитар кәрханасы директоры |
| М.Кайпбергенов | - | Аралбойы дельта басқармасы баслығы |
| Э.Алимов | - | Жағаларды қорғаў, дамбалары ҳәм өзенлерди тәртипке салыў қурылмалары басқармасы баслығы |
| И.Асаматдинов | - | «Давсувхўжаликназорат» мәмлекетлик инспекциясының Қарақалпақстан Республикасы бойынша инспекторы |
| К.Сарыбаев | - | Қарақалпақстан Насос станциялары ҳәм энергетика басқармасы баслығы |
| У.Примов | - | Беруний Насос станциялары ҳәм энергетика басқармасы баслығы |
| Б.Машарипов | - | Аўыл ҳәм суў хожалығында инвестиция жойбарларын әмелге асырыў орайы бас қәнигеси |
| М.Заратдинов | - | «UzGIP» ЖШЖ баслығы |

Еслетпе: Исши топар ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда, сол лаўазымға жаңадан тайынланған шахс исши топар қурамына киргизиледи.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «29» январьдағы
41 - санлы қарарына 3-қосымша

## Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңесиниң илимий исши топары жаңаланған

### Қ У Р А М Ы

| | | |
|---|---|---|
| Н.Айымбетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Қарақалпақ Тәбият илимлери илимий-изертлеў институты директоры - **исши топар баслығы** |
| С.Қурбанбаев | - | Ирригация ҳәм суў машқалалары илимий-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалы директоры- **исши топар баслығының орынбасары** |
| С.Мамбетуллаева | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Қарақалпақ Тәбият илимлери илим-изертлеў институты лаборатория баслығы - **исши топар хаткери** |

### А Ғ З А Л А Р Ы:

| | | |
|---|---|---|
| М.Джуманиязов | - | Экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў комитети баслығының биринши орынбасары |
| А.Мамбеткаримов | - | Ҳалық-аралық Аралды қутқарыў қоры атқарыў комитетиниң Нөкис филиалы директоры |
| Е.Торениязов | - | Ташкент мәмлекетлик аграр университети Нөкис филиалы директоры |
| А.Кыдырбаев | - | Суў хожалығы министрлигиниң бөлим баслығы |
| С.Собуров | - | Аўыл хожалығы министрлигиниң бөлим баслығы |
| И.Жаңабаев | - | Мелиоративлик экспедициясы баслығының орынбасары |
| Х.Матжанова | - | Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлиминиң Қарақалпақ Тәбият илимлери илимий-изертлеў институты лаборатория баслығы |
| С.Шамшетов | - | Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Аўыл хожалығы ҳәм азық-аўқат тәмийнаты илимий-өндирислик орайының Қарақалпақстан бөлими баслығы |
| Д.Утамбетов | - | Өзбекстан дән ҳәм собылықлы егинлер илимий-изертлеў институтының Қарақалпақстан илимий-тәжирийбе станциясы директоры |

Еслетпе: Исши топар ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда, сол лаўазымға жаңадан тайынланған шахс исши топар қурамына киргизиледи.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2019-жыл «29» январдағы
41 - санлы қарарына 4-қосымша

## Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңеси ҳаққындағы жаңаланған
## Р Е Ж Е

**I. Улыўма режелер:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Суў хожалығы Кеңеси (буннан былай «Кеңес» деп жүритиледи) Қарақалпақстан Республикасының «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Нызамының 19-статьясына муўапық дүзилди.

2. Кеңес Баслығы, Кеңестиң тийкарғы қурамы ҳәм исши қурамлары Министрлер Кеңесиниң қарары менен тастыйықланады.

3. Кеңестиң қурамы суў хожалығы ҳәм мелиорация жумысларына байланыслы болған барлық министрликлер ҳәм ведомстволар, мәмлекетлик комитетлер, бирлеспелер, мәкемелер ҳәм кәрханалар, илимлер академиясы бөлими ҳәм илимий-изертлеў институтлары басшылары киргизиледи.

Кеңестиң тийкарғы қурамына өзгерислер зәрүр жағдайда киргизилип, Кеңес Баслығы тәрепинен тастыйықланады. Кеңестиң тийкарғы қурамы тийисли министрликлер менен ведомстволар, мәмлекетлик комитетлер, бирлеспелер, мәкемелер менен кәрханалар басшыларының ҳәм илимпазлардың келисими бойынша дүзиледи. Буннан тысқары Кеңестиң исши қурамлары еки топардан ибарат болып, биринши күнделикли өндирислик мәселелер, ал екиншиси келешек мәселелери бойынша илимий жақтан жумыслар алып барады.

4. Кеңес усы реже тийкарында ҳәрекет қылады ҳәм өз жумысында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конституциялары ҳәм Нызамлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманларын, қарарларын ҳәм бийликлерин, Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң қарарларын, сондай-ақ Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң қарарларын ҳәм бийликлерин басшылыққа алады.

**II. Кеңестиң мақсети ҳәм ўазыйпалары:**

5. Халық хожалығы комплексин раўажландырыў суў хожалығы ҳәм мелиорация мәселелери бойынша бирден-бир экономикалық ҳәм илимий-техникалық сиясатты жүргизиў, соның нәтийжесинде суў ресурсларынан үнемли пайдаланыў, суўғарып егилетуғын жерлердиң өнимдарлығын арттырыў, суўғарыўда жаңадан прогрессив (суўды үнемлеўши) техника ҳәм технологияларды еңгизиў, санаат кәрханаларында суўдан қайтадан пайдаланыўды толығы менен өзлестириў, суў бөлистириўди автоматластырыў ҳәм телемеханикаластырыў, дренаждың ҳәзирги заманагөй түрлерин еңгизиў, егислик майданлардың мелиоративлик аўҳалын жақсылаў, суў ысырапгершилигине қарсы гүресиў ҳәм сондай-ақ экологиялық саўалтыў бойынша илажларды әмелге асырыў.

6. Суў хожалығы комлексиниң республикалық концепциясын ҳәм бағдарламасын, техника-экономикалық дәлиллерди ҳәм баянатларды, ири илимий-техника ҳәм экологиялық машқалаларды, жобаларды ҳәм соның менен бир қатарда суў хожалығы раўажландырыўда көп жылларға белгиленген ҳәм күнделикли бағдарламаларды көрип шығып, шешим қабыллаў, жерлердиң мелиоративлик кадастрын ислеп шығыў, жаңа техникаларды, технологияларды еңгизиў ҳәм пайдаланыў, инвестициялық сиясаттың қабылланған шешимлерге сәйкес келиўин бақлап барыў.

7. Суў хожалығы жумысларын ҳәм жерлердиң мелиоративлик аўҳалын жақсылыўда стратегиялық ҳәм әҳмийетли бағдарламаларды әмелге асырыў, жойбар-сметалық ҳүжжетлерди тастыйықлаў ҳәм т.б.

**III. Кеңестиң өндирислик исши топарының ўазыйпалары:**

-суў хожалығы ҳәм мелиорация системасындағы ушырасып атырған ири ҳәм күнделикли машқалаларды муўапықластырыў арқалы оларды оператив шешиў ҳәм зәрүр жағдайда бундай машқалаларды Кеңес мәжилисине қойыў ушын тийисли ҳүжжетлерди таярлап усыныс киритиў;

-суў қорларынан пайдаланыў бойынша илимий ҳәм өндирислик усынысларды ислеп шығыў ҳәм өндириске еңгизиў;

-суў там-тарыслығы жылларында ушырасатуғын базы бир машқалалардың алдын алыў мақсетинде көп жыллық әмелий жумысларды таллаў ҳәм зәрүр жағдайда бул бойынша Кеңес мәжилисине материаллар таярлап усыныс бериў;

-илимий исши топар менен биргеликте суўдан үнемли пайдаланыў мәселелери бойынша илимий-техникалық жетискенликлерди ғалаба хабар құраллары арқалы (пропагандалаў) үгит-нәсият жумысларын алып барыў;

-Арал ҳәм Аралбойы машқалаларына байланыслы болған шет ел инвестициясы ҳәм республикалық көлемдеги жойбар-сметалық ҳүжжетлерди көрип шығып баҳа бериў;

-ири гидротехникалық ҳәм басқа да суў хожалығы объектлериниң қәўипсиз ислеўин тәмийинлеў ҳәм ислеў (эксплуатация) мүддети өткен жарамсыз объектлердеги машқалаларды шешиў бойынша мәселелерди қарап шығыў;

-суў хожалығы объектлериниң қурылыс (қурыў, қайта қурыў, оңлаў-тиклеў) жумысларының барысын қадағалаў, бул объектлердиң белгиленген мүддетте сапалы тапсырылыўын тәмийинлеў, сондай-ақ зәрүр жағдайда қурылыс жумысларының иркилиўинде айыпкер басшыларға шара қолланыў мәселесин Кеңес мәжилисине қойыў.

**IV. Кеңестиң илимий-исши топарының ўазыйпалары:**

-халық-аралық ҳәм жергиликли дәрежедеги суў хожалығы ҳәм экология мәселелери бойынша илимий ҳәм илимий-теориялық мийнетлерди көрип шығыў ҳәм оларға өзгерислер киритип Кеңес мәжилисине усыныў;

-илимий ҳәм илимий-өндирислик бағдардағы суў хожалығы ҳәм экологияға байланыслы усынысларды таллаў ҳәм оларға баҳа бериў;

-суў қорларынан пайдаланыў бойынша илимий усынысларды ислеп шығыў ҳәм өндириске еңгизиўди тәмийинлеў;

-суўдан үнемли пайдаланыў бойынша илимий-техникалық жетискенликлерди (пропагандалаў) үгит-нәсият жумысларын алып барыў;

-Арал ҳәм Аралбойы регионында суў хожалығы ҳәм экология мәселелерине байланыслы шет ел инвестициясы ҳәм Республикалық көлемдеги илимий-изертлеў ҳәм жойбар жумысларын көрип шығыў;

-Кеңестиң мәжилисине қойылатуғын суў хожалығы системасындағы ҳәр бир илимий-теориялық мәселелерди алдын-ала таллап үйренип шығыў ҳәм бул бойынша тийисли материалларды мәжилиске усыныў;

-суў хожалығы ҳәм мелиорация тараўларында ушырасып атырған базы бир машқалаларды сапластырыўдың илимий-теориялық жолларын излестириў ҳәм келешекте бундай машқалалардың алдын алыў усылларын анықлаў.

**V. Кеңестиң ҳуқықы:**

8. Усы Реже тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы, оның тапсырмасы менен Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары ямаса орынбасары тастыйықланғаннан соң Кеңестиң өз ўәкиллиги шегиндеги шешимлериниң министрликлер, ведомстволар, комитетлер, бирлеспелер, мәкемелер ҳәм кәрханалар тәрепинен орынланыўы шәрт.

9. Қабылланған шешимлердиң орынланыў барысы ҳаққындағы хаткердиң ҳәм орынлаўшылардың мағлыўматын Кеңестиң гезектеги мәжилисинде тыңлаў.

10. Суў хожалығы объектлери қурылысы жумысларының барысын қадағалаў, бул объектлердиң белгиленген мүддетте сапалы тапсырылыўын тәмийинлеўди талап етиў.

11. Республикада суў хожалығы мәселелерин шешиўде айрықша үлес қосқан басшылар ҳәм қәнигелердиң жумысларына тийисли баҳа бериў.

12. Суў хожалығы ҳәм мелиоратив объектлердиң қурылыс (қурыў, қайта қурыў, оңлаў-тиклеў) жумысларының белгиленген мүддетте сапалы тапсырылыўының иркилиўине ҳәм суў ысырапгершилигине, сондай-ақ егислик майданлардың мелиоративлик аўҳалының төменлеп кетиўине жол қойған айыпкер басшылардың жумысларын көрип шығыў ҳәм оларға тийисли шара қолланыў бойынша Министрлер Кеңесине усыныс бериў.

**VI. Жумысларды шөлкемлестириў:**

13. Кеңес өзиниң ис ҳәрекетин Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланған ис жобасы тийкарында алып барады.

Зәрүр болған жағдайда Кеңестиң шешими менен ис жобасына өзгерис ҳәм толықтырыўлар киргизилиўи мүмкин.

14. Суў хожалығы министрлиги, Аўыл хожалығы министрлиги, Аралбойы дельта басқармасы, Жағаларды қорғаў дамбалары ҳәм өзенлерди тәртипке салыў басқармасы, «Қарақалпақ суў қурылыс инвест» мәмлекетлик унитар кәрханасы, Аўыл ҳәм суў хожалығында инвестиция жойбарларын әмелге асырыў орыйы ҳәм басқа да тийисли министрликлер, ведомстволар, мәмлекетлик комитетлер, бирлеспелер, мәкеме ҳәм кәрханалар өз мәселелерин Кеңес хаткери арқалы Кеңестиң мәжилисине көрип шығыўға қойыўы мүмкин.

15. Кеңесте ис жүргизиў жумысларын Кеңестиң хаткери ҳәмде қабыл етилген шешимлердиң (қарарлардың) орынланыўын кадағалаў Кеңес Баслығының орынбасары, сондай-ақ өткерилген мәжилис баянламасында қадағалаў ўазыйпасы жүклетилген шахс тәрепинен әмелге асырылады.

16. Кеңес мәжилислери ҳәр шеректе бир мәрте ҳәм зәрүр болған жағдайда Кеңес Баслығының шешими ямаса Кеңес ағзаларының басым көпшилигиниң (51 пайыздан жоқары) усынынслары менен өткериледи.